



**Vil Cambridge
Gadri ak Sipò Fanmi DHSP
Lotri Preskolè
Kesyon Yo Poze Souvan**

Kiyès ki kalifye pou patisipe nan Lotri Preskolè DHSP a?

Rezidan Cambridge ki genyen timoun laj kalifye ka antre nan Lotri Preskolè DHSP a. Pou enskripsyon nan lotri oktòb 2021 an nan ane lekòl 2022-2023 a, timoun ki genyen dat nesans ant 1ye avril 2018 - 1ye desanm 2019 konsidere kalifye pou laj yo.

Kijan mwen antre nan Lotri Preskolè DHSP a?

Yo aksepte aplikasyon lotri an oktòb 2021 pou ane lekòl k ap kòmanse an septanm 2022. Yo konsidere pitit ou a kalifye pou laj pou enskripsyon preskolè lè yo genyen ant 2 an 9 mois – 4 an 5 mwa. **Pa egzanp, pou antre nan lotri an oktòb 2021 (pou enskripsyon nan ane lekòl 2022-2023), dat nesans pitit ou a bezwen ant 1ye avril 2018 – 1ye desanm 2019.**

Pou yo konsidere aplikasyon lotri w la konplè, ou dwe soumèt dokiman ki vini annapre yo:

- **Aplikasyon Lotri Preskolè DHSP**
- **Prèv Salè ak Gwosè Fanmi:** Deklarasyon revni ak 4 souch chèk youn apre lòt (oswa dènye 30 jou yo) oswa lèt notifikasyon pou nenpòt avantaj w ap resevwa (TANF, SSL, WIC, elatriye.)
- **Prèv Laj Timoun nan:** Sètifika nesans oswa paspò timoun nan
- **Prèv Adrès:** Kontra lwaye, ipotèk, lèt founisè lojman an, fakti sèvis piblik pandan 2 dènye mwa yo, oswa Fòm Double

Ki kote mwen ka aplike pou Lotri Preskolè DHSP a?

Aplikasyon Lotri Preskolè DHSP a disponib pou ranpli sou entènèt nan

www.cambridgema.gov/presschoollottery.

Aplikasyon enprime ak asistans an pèsòn disponib sou demann. Si sa nesèsè, tanpri kontakte dhsppreschools@cambridgema.gov oswa 617- 349- 6254.

Kijan mwen ogmante chans mwen pou m jwenn yon plas nan Preskolè DHSP?

Plis ou chwazi pwogram plis ou gen chans jwenn yon plas. Si genyen pwogram ke w pa t ap ka voye pitit ou a akòz de lè oswa adrès yo, tanpri **pa** chwazi yo. Si yo chwazi w pou yon plas nan nenpòt pwogram ke w te chwazi epi w refize plas la, ou anile plas ou nan lotri a. Ou pa ka mande transfè nan yon lòt pwogram.

Kilè m ap konnen si pitit mwen an jwenn yon plas nan yon Preskolè DHSP?

W ap konnen an desanm apre lotri a.

Yo ofri m yon plas nan Preskolè DHSP, èske mwen bezwen konfime ke mwen vle enskri pitit mwen an nan pwogram nan?

Wi. Y ap mande tout fanmi yo ofri yon plas pou yo aksepte oswa refize plas la rive 31 janvyè 2022. Si nou pa pran nouvèl yon fanmi rive 31 janvyè, n ap ofri yon lòt timoun ki sou lis atant lan plas la

Èske gen preferans frè ak sè nan Lotri Preskolè DHSP a?

Frè ak sè timoun ki aktyèlman enskri nan pwogram Preskolè nou an nan moman lotri a genyen priyorite, men pa gen garanti yon plas.

Èske mwen ka antre pitit mwen nan Lotri Preskolè DHSP si mwen se yon anplwaye Vil Cambridge oswa Lekòl Piblik Cambridge, men mwen pa yon rezidan Cambridge?

Jan sa toujou fèt, rezidan Cambridge yo se priyorite prensipal nou. Pou enskripsyon lotri oktòb 2021 pou ane lekòl 2022 – 2023 a, anplwaye Vil Cambridge ak Lekòl Piblik Cambridge ki pa rezidan Cambridge yo ap kapab patisipe nan lotri a.

Nou pral reevalye kapasite anplwaye Vil Cambridge ak Lekòl Piblik Cambridge ki pa rezidan Cambridge chak ane avan lotri a. Nan plas dokimantasyon Prèv Adrès, anplwaye Vil Cambridge ak Lekòl Piblik Cambridge ki pa rezidan Cambridge genyen obligasyon soumèt prèv anlwa.

Kisa pou m fè si yo ajoute m nan gwoup atant Lotri DHSP a?

Yon plas vin disponib, nou pral kontakte fanmi ki nan gwoup atant yo pou ofri plas disponib la. Gwoup atant lan pral rete an plas jiskaske nou kòmanse aksepte aplikasyon pou pwochen lotri a (oktòb 2022). An oktòb 2022 gwoup atant lan ap ekspire epi fanmi ki gen timoun ki toujou kalifye pou laj ka toujou patisipe nan lotri a ankò pou enskripsyon lòt ane a.

Si w bezwen èd pou w jwenn yon pwogram altènatif, genyen resous ki annapre yo pou w jwenn preskolè:

- Find It Cambridge: finditcambridge.org oswa 617-686-2998
- Birth to 3rd Partnership: cpsd.us/departments/b3 oswa 617-349-6554
- Department of Early Education and Care: eeced.force.com/EEC_ChildCareSearch

- Sant pou Fanmi: 617- 349-6385

Konbyen sa koute pou enskri nan yon Preskolè DHSP?

Tarif frè Preskolè DHSP nan yon echèl ki baze sou salè. Yo pibliye echèl la chak ane ansanm ak materyèl Lotri Preskolè DHSP yo.

Nan Pwogram Depatman Sèvis Moun nan (DHSP), n ap fè anpil efò pou rann pwogram nou yo aksesib pou tout fanmi Cambridge. Nou aksepte kupon epi nou ofri gwo asistans nan frè eskolè pou fanmi ki kalifye yo. Montan asistans frè lekòl pral baze sou salè brit fanmi, gwosè fanmi, ak difikile pèsònèl.

Pou ane lekòl 2022 – 2023 frè lekòl nou yo se:

Salè Brit Fanmi	Apwoksimasyon Frè Lekòl Pa Jou*	Frè Lekòl Pa Mwa
\$217,501 – pi wo	83,65\$*	1 812,50 \$
\$163,126- \$217,500	66,92\$*	1 450,00 \$
130 501\$-163 125\$	50,19\$*	1 087,50 \$
\$108,751 – \$130,500	40,15\$*	870,00 \$
0\$-108 750\$	Baz frè lekòl pa jou a se \$40.15 Tout fanmi ki genyen yon Salè Brit ant \$0 - \$108,750 pral kalifye pou asistans frè eskolè. Montan asistans frè lekòl pral baze sou salè brit fanmi an, gwosè fanmi, ak difikile pèsònèl. Tanpri kontakte nou pou plis enfòmasyon sou frè bous endividyèl yo.	

*Yo chaje frè lekòl yo sou baz tarif pa mwa yo. Frè pa jou a kalkile sou baz ke genyen yon mwayèn 22 jou faktirab pa mwa.

Kijan pou mwen aplike pou yon bous?

Ou pa bezwen ranpli ankenn papye anplis! Nou sèvi ak dokiman w soumèt pou w antre nan lotri a pou kalkile frè lekòl ou sa ki genyen ladann asistans frè lekòl.

Si mwen ta dwe peye pi gwo frè yo, èske mwen bezwen soumèt prèv salè ak gwosè fanmi?

Si salè w tonbe nan entèval prensipal la, ou pa bezwen pwouve salè oswa gwosè fanmi. W ap toujou bezwen pwouve laj pitit ou ak adrès ou.

Ki orè operasyon Preskolè DHSP yo?

Tout Preskolè DHSP yo fonksyone 12 mwa pa ane ak 5 jou pa semèn (lendi – vandredi). The Haggerty, Kennedy/Longfellow, M.L. King and Windsor Preschools fonksyone soti 7è30 a.m. – 5è30 p.m. The King Open, Morse, ak Peabody Preschools fonksyone soti 8è00 a.m. – 6è00 p.m.

Èske genyen plas tan pasyèl nan Preskolè DHSP yo?

Nou pa ofri plas tan pasyèl nan ankenn nan pwogram nou yo. Tout plas yo se 5 jou pa semèn ak 12 mwa pa ane.

Ki prekosyon COVID-19 Preskolè DHSP yo ap pran aktyèlman?

Nou te enkòpore anpil prekosyon COVID-19 nan pwogram nou yo, sa ki genyen ladann ogmantasyon pwosedi netwayaj yo, mete mask, distans sosyal, ak tèss COVID-19. Pwosedi espesifik nou genyen yo evolye ofiramezi syans yo ap evolye parapò ak sa ki pou fèt pou anpeche pwopagasyon COVID-19. Priyorite prensipal nou se sante ak sekirite timoun, fanmi ak anplwaye nou yo. Pou rezon sa a, nou travay nan fason rapwoche ak Depatman Sante Piblik Cambridge pou aplike ak swiv pwotokòl COVID-19 yo epi pran desizyon pou pwogram nou an.